

**PANGAJARAN KAMAMPUH NYUSUN ARGUMÉNTASI DINA TÉKS
PERSUASI NGALIWATAN STRATÉGI DISKUSI KAKANTUNAN
DUMASAR KANA PERAN DI FASE F SMAN 16 BANDUNG**

Ku:

Adi Zirrann Mansyurudin

NPM 225030007

RINGKESAN

Ieu panalungtikan dilaksanakeun lantaran kamampuh murid dina nyusun arguméntasi dina téks persuasi masih kénéh handap, hususna dina ngamekarkeun alesan, data pangrojong, jeung hubungan logis antargagasan. Ku kituna, diperlukeun stratégi pangajaran anu mampuh ngalibetkeun murid sacara aktif dina prosés diajar. Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kamampuh murid dina nyusun arguméntasi saméméh jeung sanggeus diajar, sarta pikeun mikanyaho pangaruh Stratégi Diskusi Terbimbing Berbasis Peran kana kamampuh nyusun arguméntasi dina téks persuasi di murid Fase F SMAN 16 Bandung. Méthode anu digunakeun nyaéta kuasi ékspérimén kalawan rarancang Nonequivalent Control Group Design. Subjek panalungtikan diwangun ku 70 murid anu kabagi kana kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Instrumén panalungtikan anu digunakeun nyaéta tés éséy ngaliwatan pratés jeung pascatés pikeun ngukur kamampuh murid dina ngaidentifikasi pasualan, ngelompokkeun unsur arguméntasi, ngajelaskeun fungsi unsur arguméntasi, nyusun rangkay arguméntasi, jeung nyieun arguméntasi anu lengkep. Hasil panalungtikan némbongkeun yén rata-rata peunteun pratés kelas ékspérimén nyaéta 32,48 sedengkeun kelas kontrol 31,18. Sanggeus pangajaran dilaksanakeun, rata-rata peunteun pascatés kelas ékspérimén naék jadi 72,56, sedengkeun kelas kontrol jadi 55,67. Hasil uji Paired Samples t-Test némbongkeun nilai signifikansi $0,000 < 0,05$, sedengkeun hasil uji Independent Samples t-Test némbongkeun nilai signifikansi $0,013 < 0,05$. Hasil éta ngabuktikeun yén aya kanaékan kamampuh nyusun arguméntasi anu signifikan dina kelas ékspérimén sarta kanaékan éta leuwih luhur batan kelas kontrol. Ku kituna, Stratégi Diskusi Terbimbing Berbasis Peran miboga pangaruh anu signifikan kana kamampuh nyusun arguméntasi dina téks persuasi di murid Fase F SMAN 16 Bandung.

Kecap Konci: *arguméntasi, téks persuasi, strategi diskusi terbimbing berbasis peran, pangajaran nulis, Fase F.*